



MOIS DU CRÉOLE À MONTRÉAL, 21E ÉDITION

MWA KREYÒL NAN MONREYAL, 21ÈM EDISYON



Rebecca Jean

Crédits Photo : @Edydesign

CHANTÈZ REBECCA JEAN

PÒTVWA 21ÈM EDISYON MWA KREYÒL MONREYAL

POU DIFIZYON BRIDSOUKOU

(Al gade vèsyon franse a)

Monreyal, jou ki 5 out 2022 – « Komite Entènasyonal pou Pwomosyon Kreyòl ak Alfabetizasyon » ki gen sig KEPKAA ap anonse tout moun alawonbadè, ane sa a se rèn chantrèl Rebecca Jean, yon jenn atis chaje ak talan, moun swa nèt, moun rafine, ki gen don pou kreye bon jan konpozisyon, bon jan aranjman ak entèpretasyon ki aksepte chay lou ak onè pote flanbo 21èm edisyon « **Mwa Kreyòl Monreyal** » la.

Ak **Rebecca Jean** pou pòtpawòl, « **Mwa Kreyòl Monreyal** » 2022 a pral briye ak tout flanm li anba tèm: « Kilti Kreyòl, yon mòso nan patrimwàn Nou ».

Rebecca Jean fèt Monreyal. Paran li yo fèt an Ayiti. Li gen nan dyakout li yon chay reyalizasyon anrasinen nan tout disiplin: yon albòm tou nèf « Antidote », plis pase 130 espektak, yon albòm pòp, twa albòm meditasyon, yon tram sonò mizik fim, twa tram sonò pou teyat, de fim dokimantè naratif, yon katalòg ki gen 60 konpozisyon, yon kòf fichye odyo, pou nou site sa yo sèlman.

San pale kokenn wòl pòtpawòl ane 2022 « **Mwa Kreyòl Monreyal** » la, n ap gen pou nou dekouvi madam Jean tout bon vre nan yon espektak, samdi 8 oktòb, 7è30 pm nan « Maison de la Culture du Plateau Mont-Royal. » Tanpri, ale sou sit yo a pou nou rezèvè tikè antre lib nou.

Pandan n ap tann pwogramasyon ofisyèl la pran lari, madam Jean ap pwofite envite nou tout nan espektak lansman 21e edisyon Mwa Kreyòl Monreyal la. Nan premye pati a ap gen TIPIK MRU, yon gwoup ki pratike mizik ak dans tradisyonèl zile Moris. Nan dezyèm pati a, ap gen Daniel Bellegarde, yon gran pèkisyonis ak yon gwoup mizisyen ki pa bezwen prezantasyon: Fritz Pageot, Jean-Christophe Germain, Marjorie Walter, Rodrigo Simoes, Dave Gossage et Sacha Daoud. Sa ap fèt samdi 1me oktòb, 7è pm, nan « Collège Ahuntsic, 9155, rue Saint-Hubert, Montréal ». Antre gratis. Tanpri, rezèvè tikè nou sou sit Evenbrite la.

Pou fini, n ap fè tout moun sonje « **Mwa Kreyòl** » la se sèl evennman nan repètwa kiltirèl mondyal la ki selebre lang ak kilti kreyòl pandan tout mwa oktòb la. « **Mwa kreyòl** » se fèt : penti, mizik, chante, dans, literati, eskilti, manje, lamòd, ak yon pakèt lòt ankò.

KEPKAA di madam Rebecca Jean mèsi anpil pou jenewozite li. Li swete tout fanm, tout gason :

Bon mwa kreyòl 2022 !

Sous : Sèvis komunikasyon « **Mwa Kreyòl Monreyal** »

Enfò. : 514 802-0546 ou 514 962-8640 ou 514 750-8800 ou www.moisducreole.info

PHI



Patrimoine
canadien



Montréal

